ÉVALUATION DIAGNOSTIQUE DES ÉLÈVES ALLOPHONES

# Compréhension de l'écrit

CYCLE 3

Langue d'origine : tchétchène

CANOPÉ

fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 1 30/11/2017 11:33

**ФАМИЛИ:** | **Ц1Е:**

NIVEAU : FIN DE CM1

1

## Д1аеша х1ара текст:

*(Жима к1ант Салман дуьххьара воьдуш ву шен керлачу школе.)*

Новкъахь Салман меллаша набарх волу. Ма дарра аьлча, вон наб йина цо сийсара. Вон г1ан гина цунна. Г1енах цунна гира дешархой, берийн дог1маш а долуш, олхазарийн кортош а долуш. Ткъа хьехархо, мелхо а, ирча адаман юьхь а йолуш доккха аьрзун дег1 а долуш яра.

Шен Лабаси олучу юьртах лаьцна ойла еш ву и. Цуьнан доттаг1ий, шеко йоцуш, цигахь шайн жимачу школе д1абуьйлабелла хир бу. Цунна дагадог1у кибарчигийн пенаш, латтан ц1енкъа а, уьйт1ара г1унаш а. Переменашкахь царна массарна а дезара, уьйт1а ваьлча г1уна аьрру аг1ор гуш долчу доккхачу диттан 1индаг1ехь хевшина 1ар.

Шен керлачу школе воьдуш, чуьра араваьлча Салман цкъа хьалха аьтту аг1ор а воьрзий, дитташна йисттехула д1а а воьдий, дуьххьара аьрру аг1ор болучу ураме волу. Д1акхаччалца нийсса д1авоьду и. Цу урамехь нийсса паркана дуьхьал лаьтташ ю школа.

MI | MF | MS | TBM



fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 2 30/11/2017 11:33

ХАТТАРШНА ЖОП ЛО

## 2

**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха. Х1ара текст ю:**

• дийцар • рецепт • эксплуатацин инструкци • поэма

MI MF MS TBM

## 3

**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха. Хьуна хетарехь, Салманан вон г1ан дара:**

• сахьийзош • иркарах1оттош • Спортан • самукъане

MI MF MS TBM

## 4

**Лабасехь Салманан хилла йолу школан суьртана гонаха сиз хьакха, вуьйш д1адайа.**









MI MF MS TBM



Rappel des codes de correction : MI = maîtrise insuffisante MF = maîtrise fragile MS = maîtrise satisfaisante TBM = très bonne maîtrise

fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 3 30/11/2017 11:33

## 5

**План т1ехь Салман школе ваха везаш болу некъ билгалбе.**
**Д1аволалун меттиг Салманан ц1ено ду, ж1аранца билгалдина.**



| MI | MF | MS | TBM |
| --- | --- | --- | --- |



fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 4 30/11/2017 11:33

## Д1аеша х1ара текст:

Амма тахана, цунна некъ ца бевзира. Х1ара дитт селхана дарий -те кхузахь? Салмана ша шега боху шен эсо ша гала воккху. Тамашийна синахаам д1а ца болу цуьнан дагчуьра, цунна г1енах гина вон суьрташ дуьхьалтуьйссу.

Ц1аьххьана г1ийла шийла мох хьокху, Салмана шена шен дас белла болу кепка коьртана т1еозабо. Цу х1умано цунна дегайовхо ло.

Школана хьалха д1а ма кхаьччинехь, Салман соцунг1а хуьлу. Стигал марханаша къайлаяьккхина, ткъа кегий дог1ан т1адамаш охьаэга дуьйлало. Кхин собар ца деш и школан чу воьду.

Бераш сада1а арадовлу ,уьйт1е Лабасехь йолучул дукха къаьсташ карайо цунна. Мича ваха веза ца хаьа цунна. Шена школе д1аязлуш елла расписани схаоьцу цо, аммо цо цунна башха г1о ца до. Иза цхьанна а х1уманах ца кхета!

### УРОКИЙН РАСПИСАНИИ: КЛАСС А

| | оршот | шинара | кхаара | еара | п1ераска |
|---|---|---|---|---|---|
| 8с | ешар | | | | ешар |
| 9с | истори | математика | математика | физкультура | географи |
| 10с | géographie | физика/хими | мотт | физкультура | грамматика |
| 11с | langue vivante | мотт | | физкультура | истори |
| | | | | | |
| 13с | физика/хими | грамматика | | ешар | мотт |
| 14с | музыка | сурт диллар | | математика | математика |
| 15с | | | | истори | |

NIVEAU : FIN DE CM2

## НИЙСАЧУ ЖОЬПАНА ГОНАХА СИЗ ХЬАКХА

**6**

**Муьлха предложени ю хаттаран?**

• Шийла мох хьоькху

• Х1ара дитт селхана дарий те кхузахь?

• Тамашена синахаам д1а ца болу цуьнан дагчуьра.

• Иза цхьанна а х1уманах ца кхета!

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

**7**

**Х1окху текст т1ехь муьлха хенан х1оттам бу?**
**Тидам бе, масех жоьпана гонаха сиз хьакха деза хьан.**

• шийла мох • бовха мох • марханаш

• г1ийла дог1а • екхна стигал • ч1ог1а дог1а • малх хьаьжна

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 8

### Салмана шен расписани схьа х1унда оьцу?

- шена математика дукхаеза дела.
- дог1а доладелла дела.
- и информаци лохуш волун дела.
- еарин дийнахь физкультура йолун дела.

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 9

### Дукха хьолахь Салмана шен де маса даьлча д1адоладо?

- барх1 даьлча
- исс даьлча
- итт даьлча

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 10

### Муьлхачу деношкахь ца хуьлу Салманан историн урок?

- оршотан дийнахьий, еарин дийнахьий
- шинарин дийнахьий, кхаарин дийнахьий
- кхаарин дийнахьий, еарин дийнахьий
- оршотан дийнахьий, п1ераскан дийнахьий

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## Д1аеша х1ара текст:

Ц1аьххьана стигал къекъа йолало. Салман халла к1елхьара волу уьйт1а эгачу даккхийчу т1адамех. Тхевна к1елахь, бераш ду вовше д1атоьттуш, дог1анах ларбала г1ерташ. Котаман бун санна ду ала мегар ду и сурт, цо г1енах гина долу вон суьрташ дагадохкуьйту цунна.

Схьахетарехь, массо а дог1анах ларвелла. Ц1аьххьана цхьа к1ант т1евог1у. Салмане луьйш ву и, цуьнан кепканах лаьцна цхьаъ хоьттуш, амма Салман цунах ца кхета. Муха кхетар ву и? Цунна такони мотт ца хаьа, цуьнан керлачу мехкан мотт бу иза. К1ант юха а волий д1авоьду, схьагарехь реза а воцуш.

Шен ма хуьллу ца велха г1ерташ волу Салман, цхьа сийна свитер йоьхначу к1анте д1ахьажало. Сихха ша д1авахале цо п1елгаца уьйт1ахь д1атоьхна сурт гойту цунна т1ехь д1абайина кепка а болуш. Т1аккха Салман кхета, х1окху школехь кепка лелор магийна цахиларах.

Т1аьххьаре а горгали (звонок) бека, ткъа хьехархо йог1у шен дешархойн д1абига. Цуьнан хьежар леррина ду, цуьнан мара беха а, охьахьевзина а бу. Цунна т1ехь йоккха 1аьржа т1екхуллург ю, даккхий т1емаш санна. Тамашийна х1ума ду: Салманан г1енах гина аьрзу ду ала мегар долуш!

Классан чу ма бахханехь, хьехархочо дешархошка расписани шайн тептаршна т1елатайойту. Кхиболу дешархошка хьаьжча х1ун дан деза-м хаьа цунна, амма ша дерриге а инзаре ду цунна гергахь.

Цу минотехь хьехархо цунна улле д1ах1утту. Цуьнан белш т1е куьг а диллина цо и классана вевзуьйту. Салман мал а лой парг1ат волу. Цо дуьйцучух цхьанне а х1уманах ца кхета иза. Цу хенахь и муьт1ахь хуьлу хьехархочуьнан эшар санна декачу, довхачу озана. Цуьнан керла доттаг1ий х1инца дог дарца цуьнга д1ахьоьжуш бу, царна юккъехь цунна къежаш ву сийна свитер йолу к1ант. Маьлхан з1аьнар кхета Салманан бесни т1е. Х1ара цуьнан хьалхара де ду школехь, ша дерриге а дика хир ду.



fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 8 30/11/2017 11:33

NIVEAU : FIN DE 6E

## ХАТТАРШНА ЖОП ЛО

### 11

**Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха. Шолг1ачу абзацехь, кхидолу бераш ду:**

• тамехьа • там боцуш • вайна ца хаьа

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

### 12

**Предложенишна номераш яхка уьш хьалхий, т1аьхий ма хиллара, хьалха хиллачарна т1ера т1аьхьа хиллачарна т1екхаччалц.**

........................... • Цхьа к1ант т1евог1у.

........................... • Бераш ду вовше д1атоьттуш.

........................... • Салманан вон г1ан го.

........................... • Стигал къекъа йолало.

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 13

**Хьехархо аьрзу дуй? Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

• х1аъ • х1ан х1а • Вайна (тхуна) ца хаьа

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 14

**Салманан синахаамаш (чувства) текстан элементашца цхьанатоха.**
**Тидам бе, массо а предложенех пайда эца беза.**

Салман са гатта деш волучу хенахь

Салман сапарг1ат волучу хенахь

• Бераш дог дарца цуьнга д1ахьоьжуш ду
• Бераш цунах къехкаш ду
• Стигал къекъа йолало
• И парг1ат волу
• И ца велха г1ерта
• Малх гучу болу

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

## 15

**Таьххьаралерачу абзацан гайтамашка хьажа. Хьуна хетарехь, кхи д1а х1ун хир ду цу дийцарехь? Нийсачу жоьпана гонаха сиз хьакха.**

• Салманан йаккхийри проблемаш хир ю.

• Хьехархочо Салман тергал вийр вац.

• Салман д1ауьйра ву и т1е а лоцур ву.

• Сийна свитер йоьхна к1ант цуьнан мостаг1 хир ву.

| MI | MF | MS | TBM |
|---|---|---|---|

**Rappel des codes de correction :**
**MI** = maîtrise insuffisante **MF** = maîtrise fragile **MS** = maîtrise satisfaisante **TBM** = très bonne maîtrise
**MI et MF :** non acquis **MS et TBM :** on considère que c'est acquis



fiche_ecrit_c3_tchetchene_V01_A.indd 11 30/11/2017 11:33